

PROGRAM NO: 340

MRANTASI WETENG KEMBUNG / PEPALANG NDHEREK GUSTI YESUS

Sedhèrèk kula, kados pundi pawartos saha kawontenan panjenengan ing dinten menika? Mugi-mugi panjenengan saé-saé kémawon saha wonten ing karaharjan. Kula, Lilis, manggihi panjenengan malih wonten ing adicara Cahyaning Agesang. Dinten menika kula ugi taksih dipun kancani déning ibu Arin, ingkang badhé ngaturaken siraman rohani kanggé panjenengan wonten ing pérangan kaping kalih adicara menika. Wonten ing pérangan kaping sepindhah, kula badhé mbagé kaweruh dhateng panjenengan, ngéngingi weteng kembang saha kados pundi caranipun mrantasi. Sedhèrèk kula, mangga kita wiwiti bagéyan kaping sepindhah adicara menika saha sugeng mirengaken.

Sedhèrèk kula, weteng kembang saged dipun alami déning sok sintena kémawon, prekawis menika sanès minangka prekawis ingkang anèh. Malahan wiwit saking laré-laré ngantos tiyang diwasa, saged ngalami weteng kembang. Weteng kembang inggih menika satunggalipun kawontenan ing pundi weteng kita kraos dipun kebaki angin utawi gas, saha kita rumaos bilih weteng kita ngageng. Sanadyana weteng kembang saged dipun anggep sepélé, nanging kawontenan menika saged ngganggu kagiyatan kita. Selami weteng kita kembang, mesthi kita badhé bingung saha mboten saged medamel kanthi saé. Kanggénipun laré-laré alit utawi bayi, weteng kembang badhé adamel piyambakipun rèwèl utawi nangis terus. Dados, weteng kembang tumrapipun bayi ugi tumrapipun tiyang diwasa sami-sami badhé ngganggu kasekécanaan saha ketentreman, pramila saking menika weteng kembang kedah énggal dipun prantasi.

Wonten sawetawis bab ingkang saged ndadosaken weteng kita kembang. Weteng kita saged kembang sasampunipun kita nedha tetedhan jinis jejanganan utawi woh-wohan ingkang saged njedhulaken gas, kados ta, kobis, kembang kol, kacang-kacangan, apel, pisang, mélon, saha sanès-sanèsipun. Sanadyana mboten saben tiyang badhé kembang menawi nedha jejanganan saha woh-wohan menika, nanging jejanganan saha woh-wohan menika saged murugaken weteng kembang kanggénipun sabagéyan tiyang menawi nedhanipun kekathahan. Ombèn-ombèn ingkang ngandhut sodha saha alkohol, sarta ses, ugi saged murugaken weteng kembang. Salintunipun tetedhan, ombèn-ombèn, saha ses, wonten bab-bab sanèsipun ingkang saged murugaken weteng kembang, kados ta, nedha kaliyan wicanten. Bab menika saged murugaken kathah hawa ingkang lumebet wonten ing weteng, ingkang murugaken kembang. Nedha ingkang kesesa-sesa ugi saged murugaken weteng kembang, karana pancernakan badhé kaganggu pramila ndadosaken weteng kembang.

Weteng kembang ingkang namung dipun sebabaken déning tetedhan, ombèn-ombèn, utawi dipun sebabaken déning bab sanèsipun, ingkang sanès penyakit, pramila weteng kembang menika saged

dipun prantasi piyambak. Padatanipun, weteng kambung badhé énggal mendha menawi kita ngombé toya anget. Toya anget kanggé mbiyantu mrantasi kathahipun hawa wonten ing weteng ingkang ngempal kasurung medal. Pramila saking menika, kathah tiyang ingkang ngalami weteng kambung badhé ngombé toya anget terus-terusan, ngantos kambungipun lerem. Lisah gosok, kados ta, lisah telon, lisah kayu putih, utawi lisah-lisah sanèsipun ugi saged nglremakan weteng kambung. Lisah gosok anget, kados ta, lisah kayu putih, saged dipun ginakaken kanggé mbiyantu ngirangi kathahipun hawa ingkang mlebet wonten ing weteng. Dados, menawi kita sampun wiwit kraos kambung, saged énggal dipun gosok nganggé lisah gosok ingkang kita remeni. Nglampahaken olah raga ingkang ènthèng utawi nggerakaken badan ingkang ènthèng, ugi saged ngirangi weteng kambung. Samangké wonten ing apoték ugi kathah dipun sadé obat herbal kanggé mrantasi weteng kambung. Menawi kita remen obat, pramila kita saged tumbas wonten ing apoték utawi toko obat.

Nah, menawi weteng kita kambung namung ènthèng kémawon, pramila cara-cara menika kalawau badhé saged mitulungi kita kanggé nglremaken weteng kambung, nanging menawi weteng kambung kita mboten lerem malahan sangsaya seru, pramila kita kedah mriksakaken weteng kita dhateng dhokter. Karana weteng kambung ingkang terus-terusan, ugi saged minangka tanda saking satunggalipun penyakit. Weteng kambung ingkang terus-terusan saha mboten saged dipun prantasi mawi ngombé toya anget utawi mawi lisah gosok, pramila weteng kambung menika saged kémawon minangka tandanipun penyakit jantung, utawi radhang lambung/weteng, saha saged ugi wontenipun gangguan tumrap léver/ati kita. Namung dhokter ingkang sumerep, menapa penyebabipun weteng kambung menika. Pramila saking menika, kedah dipun priksa déning dhokter.

Éwa déné kanggé mitulungi utawi mrantasi weteng kambung tumrap bayi, tiyang sepuh saged nyalap bayinipun wonten ing kasur kanthi dipun tilemaken. Tiyang sepuh ugi saged mijet weteng bayinipun sacara alon-alon kanthi gerakan kados muteripun jarum jam. Cara sanèsipun, inggih menika bayi saged dipun salapaken wonten ing pupu kanthi dipun kurepaken, lajeng tiyang sepuh saged ngusap gegeripun bayi. Nah, menawi bayi taksih terus rèwèl, pramila tiyang sepuh saged énggal mbeta bayinipun dhateng dhokter, karana weteng kambung tumrapipun bayi ugi saged dados tandha wontenipun penyakit pencernaan ingkang saèstu, menapa malih menawi dipun sarengi kaliyan nggreges saha nuntak.

Sedhèrèk kula, kados mekaten kalawau caranipun mrantasi weteng kambung tumrap tiyang diwasa saha tumrap bayi. Mugi-mugi seserepan menika mitulungi kita supados saged énggal mrantasi weteng kambung ingkang ngganggu kagiyatan kita. Maturnuwun.

Sedhèrèk kula, mugè-mugè seserapan ngéngingi weteng kembang kalawau migunani kanggé panjenengan sakulawarga. Tetapa sesarengan kaliyan giyaran Cahyaning Agesang, karena sekedhap malih ibu Arin badhé dumugi saha badhé ngajak panjenengan nggegilut Dhawuh Pangandikanipun Gusti. Nanging sadèrèngipun, mangga kita sami mirengaken lagu pepujèn ingkang sampun kula cawisaken kanggé panjenengan ing pundi kémawon kawontenan panjenengan. Sugeng mirengaken, mugè-mugè manah panejenengan kalipur.

Pepalang Ndhèrèk Gusti Yésus

Sedhèrèk kula, minangka pendhèrèkipun Gusti, tamtunipun kita kedah tansah ngèstokaken dhumateng printah saha karsanipun Gusti. Nanging kanggé ngèstokaken printahipun Gusti menika, sanès prekawis ingkang gampil. Langkung gampil nerak printahipun Gusti tinimbang ngèstokaken, kados makaten kaseksènipun kathah tiyang. Saèstu wonten kathah pawadan saha pepalang ingkang dipun aturaken déning kathah tiyang, ing nalika kepingin dados pendhèrèkipun Gusti Yésus ingkang setya.

Nèm-nèman ingkang sugih menika, ing nalika pepanggihan kaliyan Gusti Yésus, dipun tating déning Gusti Yésus supados nyadé sedaya bandhanipun, salajengipun ndhèrèk Gusti Yésus. Menapa wangsulanipun nèm-nèman ingkang sugih menika? Menapa piyambakipun lila nindakaken ingkang dipun printahaken déning Gusti Yésus? Mangga kita sami mirengaken cariyosipun, kula badhé maosaken kanggé panjenengan.

Ing sawijining dina ana wong nonoman sowan ing ngarsané Gusti Yésus, matur mengkéné: "Guru, supados saged pikantuk gesang langgeng, kula kedah nglampahi pendamel saé menapa?"

Pangandikané Gusti Yésus: "Apa sebabé kowé koktakon marang Aku bab apa sing becik? Mung siji sing becik, yakuwi Gusti Allah. Éwadéné yèn kowé kepéngin olèh urip langgeng, kowé kudu netepi sakèhing angger-anggeré Gusti Allah."

Unjuké wong mau: "Angger-angger ingkang pundi?" Wangsulané Gusti Yésus: "Kowé aja memateni, kowé aja laku jina, kowé aja nyenyolong, kowé aja ngucapaké paseksi goroh."

Kowé ngajènana bapa-biyungmu, lan tresnaa marang sapepadhamu, kaya enggonmu tresna marang awakmu dhéwé."

Atur wangsulané nonoman mau: "Sedaya angger-angger menika sampun kula tetepi. Taksih kirang menapa malih?"

Pangandikané Gusti Yésus: "Yèn kowé kepéngin sampurna, barang darbèkmu edolen kabèh. Pepayoné wènèhna marang wong miskin, temahan kowé bakal olèh bandha ana ing swarga. Sawisé kuwi, mrénéa, mèlua Aku."

Bareng krungu pangandika mengkono, nonoman mau banjur mundur klawan sedhah, merga wong mau sugih banget. (Matius 19:16-22).

Sedhèrèk kula, kados makaten kalawau rerembaganipun Gusti Yésus kaliyan satunggalipun nèm-nèman ingkang saèstu sugih menika. Rupinipun nèm-nèman menika kepingin pikantuk gesang ingkang langgeng. Padatanipun, tiyang ingkang nggadhahi bandha ingkang lubèr, badhé awis ingkang mikiraken gesang langgeng. Mbok menawi, kathah tiyang ingkang sampun marem kaliyan pagesangipun ing ndonya, lajeng kanggé menapa malih mikiraken gesang langgeng. Nanging mboten sedaya tiyang sugih kados makaten menika, kathah ugi tiyang sugih ingkang taksih mikiraken gesang langgeng saha kepingin sumerep kados pundi caranipun mikantukaken.

Dhateng nèm-nèman ingkang sugih menika, Gusti Yésus ngandika, menawi kepingin nggadhahi gesang langgeng, nèm-nèman menika kedah mituhu dhumateng sedaya printahipun Gusti, kados ta:

"Kowé aja memateni, kowé aja laku jina, kowé aja nyenyolong, kowé aja ngucapaké paseksi goroh.

Kowé ngajènana bapa-biyungmu, lan tresnaa marang sapepadhamu, kaya enggonmu tresna marang awakmu dhéwé."

Saha kathah nèm-nèman ingkang rumaos, bilih piyambakipun sampun nindakaken sedaya ingkang dipun karsakaken Gusti. Piyambakipun mboten naté nyenyolong, mboten naté jina, mboten naté dora, ngurmati tiyang sepuhipun, saha nresnani sesaminipun. Nanging kanyata taksih wonten tumindak ingkang kedah dipun tindakaken déning nèm-nèman menika, taksih wonten karsanipun Gusti ingkang dèrèng dipun tindakaken. Gusti Yésus ngandika dhateng piyambakipun kados makaten: ***"Yèn kowé kepéngin sampurna, barang darbèkmu edolen kabèh. Pepayoné wènèhna marang wong miskin, temahan kowé bakal olèh bandha ana ing swarga. Sawisé kuwi, mrénéa, mèlua Aku."***

Ing nalika Gusti Yésus nanging nèm-nèman ingkang sugih menika, supados nyadé sedaya bandhanipun lajeng mbagèkaken dhateng tiyang-tiyang miskin lajeng ndhèrèk Gusti Yésus, kanyata piyambakipun mboten lila nglepasaken bandhanipun, nèm-nèman menika langkung milih nyepengi badhanipun tinimbang ndhèrèk Gusti Yésus.

Donya ingkang kathah menika ingkang dados pepalangipun nèm-nèman menika ndhèrèk Gusti Yésus. Pungkasanipun nèm-nèman menika késah klawah sedhah. Tiyang nèm ingkang sugih menika kepingin pikantuk gesang ingkang langgeng, nanging nampik ndhèrèk Gusti Yésus.

Sedhèrèk kula, kita asirng kados déné nèm-nèman menika, ta? Kita minginaken gesang langgeng, nanging kita mboten purun ngèstokaken sedaya printahipun Gusti. Kita minginaken gesang langgeng, nanging mboten lila ndhèrèk Gusti Yésus. Kala-kala kita ugi nginten, bilih kita sampun nindakaken sedaya ingkang dipun printahaken Gusti. Kala-kala kita ugi nginten, bilih kita inggih pendhèrèkipun Gusti ingkang setya, karana kita sampun dhateng gréja kanthi ajeg, ndedonga, malahan siyam ugi, nanging kita mboten lila ngapunten tiyang sanès. Menika ugi minangka pepalang kita ndhèrèk Gusti Yésus. Mbok menawi ing sakmangké kita sampun kathah atur pisungsum kanggé gréja kita, kita asring mbiyantu tiyang-tiyang ingkang kekirangan, saha kita asring tumut patemon-patemon utawi pangibadah ingkang dipun wontenaken déning gréja kita, nanging kita mboten naté nresnani tiyang ingkang serik dhateng kita. Prekawis menika ugi minangka pepalang kanggé dados pendhèrèkipun Gusti Yésus ingkang setya. Utawi kosokwangsulipun, samangké kita mboten naté nindakaken ingkang jahat, kados ta, mitenah, ngapusi, dora, saha sanès-sanèsipun, nanging kita mboten naté nyukani sidhekah utawi pambiyantu dhateng tiyang ingkang kekirangan. Menika ugi minangka pepalang ingkang ageng kanggé dados pendhèrèkipun Gusti Yésus. Wonten kathah bab ingkang saged dados pepalang kita ndhèrèkaken Gusti Yésus. Wonten kathah bab ingkang saged malangi kita kanggé ngèstokaken karsa saha printahipun Gusti Yésus.

Sedhèrèk kula, kita saged mawas/nliti dhiri kita piyambak-piyambak, menapa ing samangké kita sumerep wonten printahipun Gusti ingkang mboten naté kita tindakaken, utawi mbok menawi kita tansah ngédhani kanggé ngèstokaken printahipun Gusti? Dinten menika kita dipun ènetaken déning Gusti supados nindakaken menapa ingkang Gusti karsaaken. Gusti karsa, supados kita mituhu saha setya dhumateng Panjenenganipun. Kamituhon saha kasetyan kita, minangka wujudipun katresnan kita dhumateng Gusti. Kita kedah lila nglepasaken menapa kémawon, menawi bab menika dipun suwun déning Gusti minangka sarana kanggé ndèrèkaken Panjenenganipun. Gusti Yésus naté ngandika dhateng Pétrus makaten:

Rasul Pétrus banjur matur: "Kawula sedaya menika rak ugi sampun nilar samukawis, lajeng ndhèrèk Panjenengan."

Gusti Yésus ngandika: "Iya, mulané padha éling-élingen! Saben wong sing ninggal brayaté, ninggal seduluré lanang lan seduluré wadon, ninggal bapakné, ninggal ibuné, utawa ninggal anak-anaké lan ninggal palemahané merga saka Aku lan merga Injilé Gusti Allah,

wong kuwi mesthi bakal tanpa luwih akèh menèh. Bakal tanpa tikel satus, ya omah, ya sedulur lanang, ya sedulur wadon, ya ibu, ya anak-anak, ya palemahan, senajan wong mau ora luput saka panganiaya. Lan mbésuk ing akérat wong mau bakal tanpa urip sing sejati. (Markus 10:28-30).

Sedhèrèk kula, kalilan kita nilaraken sedaya ingkang kita remeni, ingkang kita gadhahi, karena Gusti Yésus, minangka wujudipun kasetyan kita ndhèrèkaken Gusti Yésus. Saha kados déné prajanjnipun Gusti Yésus piyambak, menawi kita lila nyingkiraken sedaya pepalang ingkang malangi kita ndhèrèk Gusti Yésus, pramila kita badhé pikantuk gesang langgeng. Gusti Yésus memberkahi panjenengan. Amin.